

# Kriptosporidyoz

## Kisa kriptosporidyoz ye?

Kriptosporidyoz (ke yo rele tou “Kripto”) se yon maladi sou fòm dyare ki lakòz pa yon parazit ki rele *Cryptosporidium parvum*.

## Kilès ki ka trape kriptosporidyoz?

Tout moun ka trape kriptosporidyoz, men li pi komen lakay moun ki poko gen de lane yo, moun k ap vwayaje, moun k ap travay ak bêt, oswa moun ki gen kontak pèsonèl rapwoche avèk yon moun ki fè maladi sa a. Moun ki gen sistèm iminitè ki afebli, tankou moun ki fè enfeksyon VIH oswa moun k ap resevwa chimyoterapi, yo gen plis chans pou fè maladi a. *Kriptosporidyoz* responsab epidemi tou lakay timoun yo ak manm pèsonèl la nan sant gadri yo.

## Ki kote yo jwenn *kriptosporidyoz*?

Yo jwenn *Cryptosporidium parvum* toupatou nan monn lan, ki gen ladan Ozetazini tou. Li jeneralman enfekte ti entesten moun ak ti entesten bêt yo. Tout chyen, chat, bêt nan fèm oswa bêt sovaj, ki gen ladan zwazo, pwason, reptil, ka vin enfekte, byenke jèn bèf yo se bêt ki gen plis chans pou enfekte. Lè yon moun oswa yon bêt enfekte, parazit la repwodwi epi fòme estrikti tou pití ki sanble ak ze (osis) ki transmèt nan twalèt (poupou) moun oswa bêt ki enfekte a. Osis (Oocysts) yo elimine nan poupou a apati lè sentòm yo kòmanse jiska plizyè semèn aprè sentòm yo kanpe. Yo trete dlo ize moun yo pou eliminate òganis ki lakòz maladi a ki genyen ladan *Cryptosporidium*. Poupou bêt ki enfekte yo ka prezan nan tè a oswa rive nan ti rivyè ak lak yo. Osis yo ka siviv pandan sis mwa oswa plis nan dlo, epi yo rezistan anpil ak dezenfektan. Osis yo ka kontamine dlo ki nan sifas la ke yo itilize pou bwè, pou irigasyon, oswa divètisman.

## Kijan kriptosporidyoz pwopaje?

Yo jwenn *kriptosporidyoz* nan entesten moun ak bêt ki enfekte epi li elimine nan poupou. Moun oswa bêt yo ka vin enfekte aprè yo fin vale parazit la lè yo manje aliman ki kontamine, lè yo touche objè ki kontamine ak matyè fekal, oswa aprè yo antre an kontak ak poupou yon moun oswa yon bêt ki enfekte. Men ki pa lave ka transfere parazit la nan bouch epi enfekte moun nan. Moun yo ka vin enfekte tou lè yo vale dlo ki te kontamine ak parazit ki nan ti rivyè yo, rivyè, lak, oswa ki nan pisin yo.

## Ki sentòm kriptosporidyoz yo?

Kriptosporidyoz lakòz dyare sou fòm dlo ak kranp nan vant. Kapab genyen vomisman ak ti lafyèv. Sentòm yo ka dire youn a de semèn. Kèk moun ka vin enfekte men yo pa genyen okenn sentòm maladi a. Kriptosporidyoz ka lakòz gwo dyare, ak dyare ki mòtèl lakay moun ki gen sistèm iminitè ki afebli yo. Moun ki gen plis risk pou fè maladi grav yo gen ladan moun ki fè enfeksyon VIH, moun k ap resevwa chimyoterapi pou kansè, oswa moun k ap pran medikaman ki afebli sistèm iminitè yo.

## Nan konbyen tan aprè ekspozisyon an sentòm yo parèt?

Sentòm yo jeneralman devlope nan de jiska dis jou aprè ekspozisyon an, epi an mwayèn sèt jou.

## Kijan yo dyagnostike kriptosporidyoz?

Yo dyagnostike kriptosporidyoz lè yo egzamine echantyon pou pou yo nan mikwoskòp oswa lè yo itilize tès molekilè yo (tankou reyakson chèn polimeraz la (PCR)) nan laboratwa.

## Ki tretman ki genyen pou kriptosporidyoz?

Moun ki gen sistèm iminitè ki an sante yo jeneralman retabli san okenn medikaman. Moun ki gen dyare yo ta dwe bwè anpil likid pou ede anpeche dezidratasyon. Pafwa yo trete kriptosporidyoz avèk medikaman anti-parazit. Founisè swen sante ou an pral detèmine si yon tretman nesesè.

## Kijan nou ka prevni kriptosporidyoz?

- Evite dlo oswa manje ki kapab te kontamine, ki gen ladan lèt ki pa pasterize. Pa bwè dlo dirèkteman nan ti rivyè yo, lak, sous oswa nenpòt sous dlo nou pa konnen. Si ou sispek dlo pòtab w ap bwè a pa bon, bouyi l pandan yon minit anvan ou itilize l.
- Toujou lave men w ak savon ak dlo aprè w fin itilize twalèt la oswa aprè w fin chanje daypè, anvan ou touche manje, aprè ou fin touche fimye bêt yo (sitou pou jèn bèf ki gen dyare yo), epi aprè ou fin fè jadinaj oswa aprè lòt kontak dirèk ak tè a.
- Si ou travay nan yon sant gadri kote ou chanje daypè timoun, lave men w byen aprè chak timoun epi anvan w manipile manje. Si ou itilize gan, chanje gan yo epi lave men w aprè chak timoun.

- Si ou pran swen pasyan ki fè kriptosporidyoz, lave men w aprè w fin benyen pasyan yo, aprè w fin vide vaz yo, aprè w fin chanje dra ki sal, oswa nenpòt lè ou antre an kontak ak poupou pasyan an.
- Si ou fè kriptosporidyoz, lave men w souvan pou anpeche gaye maladi a bay lòt moun ki nan kay ou.
- Moun ki gen dyare yo pa ta dwe itilize etablisman piblik pou naje yo pandan yo malad la epi pandan plizyè semèn aprè sentòm yo te kanpe.

## Èske yo ta dwe ekskli moun ki fè kriptosporidyoz yo nan lekòl oswa nan travay?

Akoz *Kriptosporidyoz* transmèt nan poupou, timoun ak manm pèsonèl nan sant gadri yo, travayè swen sante yo, ak moun ki manipile manje yo pa ta dwe ale lekòl oswa nan travay pandan yo genyen dyare a. Aprè dyare a fini, moun yo ka retounen nan travay oswa lekòl, men yo ta dwe byen lave men yo aprè yo fin itilize twalèt la.

*Cryptosporidium* ka toujou pase nan poupou pandan plizyè semèn aprè sentòm yo te kanpe.

## Kijan m ka aprann plis sou kriptosporidyoz?

- Si ou gen enkyetid sou kriptosporidyoz, kontakte founisè swen sante ou an.
- Rele depatman sante lokal ou an. Yon anyè depatman sante lokal yo disponib nan <http://www.vdh.virginia.gov/local-health-districts/>.
- Vizite sit entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a nan <http://www.cdc.gov/parasites/crypto/>.

Septanm 2018